

Chapit 18

Maladi moun pran nan fè sèks

Nan Chapit sa a:

Ki sa maladi moun pran nan fè sèks yo ye? 321

Kòmman moun pran maladi nan fè sèks 322	Tretman pou maladi moun pran nan fè sèks322
--	--

Ekoulman ki soti nan vajen an 323

Klamidya ak gonore323	Chanpiyon (ekoulman blan).....326
Trikomonas326	Bakteri vajinal (gadnerela).....328

Maleng nan pati jenital 329

Sifilis329	Èpès331
Chank mou331	HPV (veri jenital)..... 333

Maladi moun pran nan fè sèks ki afekte tout kò a..... 334

VIH ak SIDA334	Epatit B336
----------------------	-------------------

Montre medem yo ki jan pou yo evite maladi moun pran nan fè sèks 336

Ki jan pou ede kominote a fennen maladi moun pran nan fè sèks 337

MALADI MOUN PRAN NAN FÈ SÈKS

AK LÒT ENFEKSYON NAN PATI JENITAL




Ki sa maladi moun pran nan fè sèks yo ye?

Maladi moun pran nan fè sèks (MPS) se maladi ak enfeksyon yon moun pran nan men yon lòt pandan y ap fè sèks. Gason, fi, ak pitit yo, yo tout ka pran enfeksyon sa yo. MPS moun trape pi souvan se gonore, klamidya, trikomonas, sifilis, chank mou, èpès, epatit B, ak VIH/SIDA.

Si yon moun gen nenpòt nan siy sa yo, li gendwa gen yon MPS:

- Ekoulman ki gen move sant
- Gratèl nan pati jenital
- Doulè nan pati jenital
- Maleng oswa blad dlo sou pati jenital
- Doulè nan basen oswa doulè pandan l ap fè sèks



Souvan tou, yon moun ka gen yon MPS san l pa gen okenn siy ditou.

Gen anpil gason kou fi ki gen yon MPS san yo pan menm konnen.

MPS ki pa trete yo ka lakòz pwoblèm grav, e poutèt sa nenpòt moun ki gen yon MPS dwe chèche tretman san pèdi tan. Yon fi ki gen yon MPS ki pa trete ka fè yon gwosès nan twonp (gade paj 113), kansè nan kòl matris la, oswa li ka vin pa fètil (gade paj 30). Si yon fanm ansent gen yon MPS ki pa trete, sa ka fè pitit li fèt anvan lè, li twò piti, li avèg, li malad, oswa li mouri. Yon moun ki gen yon MPS ka

trape yon lòt fasilman, tankou VIH.

Chapit sa a pale sou MPS moun konn pran pi souvan yo, epi li esplike ki jan pou trete yo e ki jan pou evite yo. Apre sa, li pale sou kèk lòt kalite enfeksyon nan pati jenital moun gen souvan men moun pa pran yo nan fè sèks.



KÒMAN MOUN PRAN MALADI NAN FÈ SÈKS

Pou yon moun pran yon MPS, moun nan dwe gen kontak kole avèk yon moun ki deja enfekte. Kontak la kapab se relasyon seksyèl (kote peni gason an antre anndan vajen fi a), sèks nan dèyè (peni a antre nan twou dèyè lòt moun nan), oswa pafwa sèks nan bouch (bouch sou ògàn seksyèl la oswa nan twou dèyè a). Moun ka pran MPS menm lè l jis fwote peni l oswa vajen l sou peni oubyen vajen yon lòt moun ki enfekte. Gen anpil moun ki pran MPS nan men moun ki pa menm gen okenn siy ki montre yo enfekte.

Yon moun ka evite MPS yo si l pa fè sèks ak moun ki enfekte. Moun ka evite anpil MPS tou lè yo sèvi ak kapòt. Pou aprann plis sou ki jan pou w evite MPS, gade paj 334 ak 336.

Menm tibebe ka enfekte ak MPS atravè san manman yo pandan gwosès la oswa pandan akouchman an lè l ap pase nan vajen manman yo.

TRETMAN POU MALADI MOUN PRAN NAN FÈ SÈKS

Pifò MPS ap fè mye oswa y ap geri si moun ki pran enfeksyon an chèche tretman tousuit. Men, gen anpil fi ki pa jwenn tretman. Yon fi gendwa pa gen mwayen pou peye tretman. Li ka santi l jennen oswa l wont. Li ka pè pou mari l pa panse li te gen yon lòt nèg sou kote.

Pou tout rezon sa yo, fason w pran swen yon fi ki trape yon MPS trèzenpòtan. Si yon fi vin jwenn ou pou w ede l, pa rakonte koze l bay pèsonn lòt moun. Sinon, li ka pa vin kote w lè l bezwen èd ankò. Pa kritike l. Fè tout efò w pou w reponn tout kesyon l yo, e fè sa avèk franchiz. Si w pa ka trete enfeksyon l lan, ede l jwenn swen nan zòn nan ki pa twò chè.

Sonje sa:

- Trete MPS pi vit posib. Lè yon MPS trete bonè, li koute mwens kòb epi sa bay pi bon rezilta pase si w tann pita.
- Bay mari a tretman tou. Si w trete yon fi ki enfekte, alòske mari l toujou enfekte, se lave men siye atè.
- Asire w fi a pran tout medikaman yo preskri l la. Menmsi siy enfeksyon yo disparèt, malad la dwe pran tout medikaman yo pou enfeksyon an ka fin trete nèt.

Mwen pa vle al nan sant lan.



Men, si se pa nou toude ki trete, n ap enfekte ankò.

—● **Note sa:** Tout medikaman nou sijere nan chapit sa se remèd moun ka pran san kè sote pandan gwosès la oswa pandan l ap bay tete, sof si nou mete yon avètisman ki di remèd la gen danje. Fi ki pa ansent oswa ki pa gen pitit nan tete gendwa pran lòt medikaman ki pi efikas toujou. Gade liv ki rele **Kote Fanm Pa Jwenn Doktè** oswa pale avèk yon famasyen pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou lòt medikaman.

Ekoulman ki soti nan vajen an

Li nòmal pou fi gen ti ekoulman (ti likid) k ap soti nan vajen l. Se avèk ekoulman sa a vajen an pwòpte tèt li. Ekoulman sa a chanje lè fi a gen règ li epi pandan gwosès.

Sepandan, si gen yon gwo chanjman nan kantite, koulè, oswa sant ekoulman an, sa ka vle di gen yon enfeksyon nan vajen an. Enfeksyon sa ka yon MPS, konsa tou li ka yon lòt kalite enfeksyon.

Nan chapit sa a, nou klase diferan enfeksyon yon fi ka genyen pa kategori semtòm enfeksyon an ka bay. Ekoulman k ap soti nan vajen an kapab se semtòm pou klamidya, gonore, trikomonas, oswa yon enfeksyon nan vajen moun pa ka pran nan fè sèks.



KLAMIDYA AK GONORE

Klamidya ak gonore se 2 gwo enfeksyon ki ka grav. Men, yo fasil pou trete si yo trete yo bonè. Si yo pa trete, yo ka mennen nan enfeksyon grav, oswa yo ka lakòz fi a oubyen gason an vin pa ka fè pitit.

Siy fi konn bay

Siy yo ka kòmanse kèk semèn oswa kèk mwa apre fi fin fè sèks avèk yon moun ki enfekte.



- Ekoulman koulè jòn oswa vèt ki soti nan vajen an oswa nan twou dèyè a
- Doulè ak sansasyon l ap boule lè l pipi
- Lafyèb
- Doulè anba vant
- Doulè oubyen san pandan l ap fè sèks
- Oubyen, li gendwa pa bay siy ditou

Ni gason ni fi ka gen klamidya oswa gonore san yo pa montre okenn siy. Epitou, menm yon moun ki pa bay okenn siy ka pase klamidya ak gonore bay yon lòt moun.

Siy gason konn bay




Jeneralman, siy kòmanse 2 a 5 jou apre gason an fin fè sèks avèk yon moun ki enfekte.

- Ekoulman k ap soti nan peni an
- Doulè oswa sansasyon l ap boule lè l pipi
- Doulè oswa anflamasyon nan testikil (grenn) yo
- Oubyen, li gendwa pa bay siy ditou

Tretman

Si sa posib, tout fanm ansent dwe fè egzamen pou klamidya ak gonore. Si egzamen an montre li gen youn oswa toude enfeksyon sa yo, **li menm avèk tout mari l dwe resevwa tretman**. Men, si l pa posib pou l fè egzamen, epi li menm oubyen mari l gen siy enfeksyon, yo dwe resevwa tretman kanmenm. Li pi bon pou w trete yon moun menmsi w pa fin konnen si l enfekte.



Tretman klamidya

- Bay 500 miligram (mg) “erythromycin”, nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 7 jou

Oswa

- Bay 500 mg “amoxicillin”, nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 7 jou

Tretman gonore

- Bay yon piki 125 mg “ceftriaxone”, nan mis, yon sèl fwa

Oswa

- Bay 400 mg “cefixime”, nan bouch, yon sèl fwa

Anpil fwa moun gen klamidya ak gonore anmenmtan. Si w pa sèten si fi a gen klamidya oswa gonore, oswa si w panse li ka gen toude, fè tretman pou toude enfeksyon yo. Fè tretman an pou ni li menm, ni mari l la.

—● **Note sa:** Nan tan pase, yo te konn sèvi ak penisilin pou yo trete gonore. Kounye a, anpil kote, penisilin pa detwi gonore ankò akòz rezistans kont medikaman (gade paj 464). Chèche konnen ki medikaman ki bay pi bon rezilta nan zòn pa w la.

Pwoblèm klamidya ak gonore bay tibebe

Fi ki gen klamidya oswa gonore lè y ap akouche ka enfekte tibebe yo. Sa ka bay bebe a enfeksyon nan je ki ka fè l avèk, oswa yo ka gen pwoblèm grav nan poumon. Nòmalman, enfeksyon klamidya oswa gonore nan je bay yon dlo jòn tou pwès k ap soti nan je yo pandan premye mwa li fèt la. Pou anpeche bebe a fè enfeksyon nan je, mete gout antibyotik nan chak je l lè l fin fèt (gade paj 260).



Si yon bebe enfekte ak klamidya

- Ba li 30 miligram (mg) siwo “erythromycin”, nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 14 jou

Si yon bebe enfekte ak gonore

- Ba li yon piki 125 mg “ceftriaxone”, nan mis, yon sèl fwa

Si w pa ka fè egzamen pou wè ki kalite maladi ki bay enfeksyon an, bay bebe a medikaman pou toude.

Enfeksyon nan basen (maladi basen anfle)

Enfeksyon nan basen se yon enfeksyon grav nan matris, twonp, oswa ovè fi a.



Yon fi ka fè enfeksyon nan basen lè l gen yon MSP, jeneralman klamidya oswa gonore, ki pa janm trete. Sa ka rive tou apre yon avòtman oswa apre akouchman. Mikwòb antre nan matris, nan twonp, oswa nan ovè fi a epi li vin enfekte.

Si yon enfeksyon nan basen pa trete, sa ka fè fi a kontinye gen doulè pandan lontan. Fi ki te fè enfeksyon nan basen gen plis chans pou yo fè gwosès nan twonp oswa pou yo pa ka fè pitit. Enfeksyon nan basen ka menm lakòz lanmò.



Siy enfeksyon nan basen

- Doulè anba vant
- Lafyèb cho (plis apse 38°C oswa 100°F)
- Li santi l malad anpil epi li fèb
- Ekoulman ki gen move sant ki gen koulè vèt oswa jòn k ap soti nan vajen an
- Doulè oubyen san pandan l ap fè sèks



Tretman enfeksyon nan basen

Yon fi ki fè enfeksyon nan basen dwe pran 3 medikaman alafwa: youn pou trete klamidya, youn pou trete gonore, ak yon lòt antibyotik: "metronidazole":

Pou klamidya

- Ba li 500 miligram (mg) "erythromycin", nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 14 jou
- Oswa*
- Ba li 500 mg "amoxicillin", nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 14 jou

EPI pou gonore

- Ba li yon piki 125 mg "ceftriaxone", nan mis, yon sèl fwa
- Oswa*
- Ba li 400 mg "cefixime", nan bouch, yon sèl fwa

EPI pou touye nenpòt lòt mikwòb ki bay enfeksyon nan basen

- Bay 400 a 500 mg "metronidazole", nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 14 jou

Pa pran "metronidazole" nan 3 premye mwa gwosès yo.

Si fi a pa kòmanse fè mye apre 2 jou ak 2 nuit (48 èdtan), oswa si l gen yon fyèb ki byen cho oswa si l ap vomi, li dwe al lopital san pèdi tan. Li bezwen medikaman sewòm ki fò (nan venn li).

TRIKOMONAS

Trikomonas fè moun pa alèz epi li fè kò yo grate yo. Souvan, gason pa montre okenn siy, men yo ka genyen l nan peni yo epi yo pase l bay fi a lè y ap fè sèks.

Trikomonas pa danjere, men l ka fè vajen an irite, epi sa ka fè l pi fasil pou fi a trape lòt MPS tankou VIH.

Siy trikomonas

- Ekoulman ki fè kim ki gen koulè gri oswa jòn
- Ekoulman ki gen move sant
- Pati jenital ak vajen k ap grate epi ki wouj
- Doulè oswa sansasyon l ap boule lè l pipi

Pou ede fi a santi l pi byen, li ka pran yon “**beny sitz**”. Sa vle di, li chita pandan 15 minit nan yon kivèt dlo ki yon ti jan cho ki pwòp. Li ka fè sa pi souvan posib. Sa ap kalme doulè nan vajen an epi sa ap pèmèt li geri pi vit. Li pa dwe fè sèks toutotan li menm ak mari l pa fin geri epi tout siy yo disparèt.



Tretman trikomonas

Si fi a ansent:

Li dwe tann jis apre li fin pase twazyèm mwa a anvan li fè tretman. Medikaman sa ka danjere pandan 3 premye mwa gwosès yo. Apre twazyèm mwa a:

- Bay 400 a 500 miligram (mg) “metronidazole”, nan bouch, 2 fwa pa jou, pandan 7 jou

Ou dwe fè tretman pou mari fi a tou avèk 2 gram (g) “metronidazole”, nan bouch, yon sèl fwa.

CHANPIYON (EKOULMAN BLAN)

Jeneralman, chanpiyon pa yon enfeksyon moun pran nan fè sèks, men se yon enfeksyon fi konn fè fasil nan vajen. Yo pi fasil jwenn li kay fi k ap pran antibyotik oswa konprime planin. Gason ka pran enfeksyon chanpiyon tou.

Siy enfeksyon chanpiyon

- Vajen an grate
- Ekoulman ki kole, ki blan, e ki fè boul
- Po anndan e deyò vajen an gen koulè wouj vif e pafwa li senyen
- Sansasyon l ap boule lè l pipi
- Vajen an bay sant tankou limon oswa sant pat farin (pou fè pen; tankou sant boulanje konn bay lè y ap prepare pat la)


Tretman

Chanpiyon pa danjere, men li pi bon pou w fè tretman yon fanm ansent ki gen chanpiyon anvan li akouche, osinon bebe a ka gen chanklèt (gade paj 290). Souvan chanpiyon ka geri ak remèd natirèl.

Remèd natirèl pou tretman chanpiyon


Melanje vinèg oswa yogou nan yon kivèt dlo pwòp. Fi a dwe chita nan dlo sa a 2 fwa pa jou jiskaske li santi l fè mye.

Oswa li ka eseye melanj sa a:



Mete 3 tikiyè vinèg nan 1 lit dlo bouyi ki fin frèt.

Tranpe yon moso koton nan melanj la epi mete koton an anndan vajan an chak swa pandan 3 nuit. Retire koton an chak maten.



Si remèd natirèl sa yo pa ede, eseye youn nan medikaman sa yo:

Tretman chanpiyon

Tranpe yon moso koton pwòp nan “violet de gentiane” 1%:

- Mete koton an anndan vajan an, chak swa pandan 3 nuit. Retire koton an chak maten.

Oswa

- Mete yon remèd 200 miligram (mg) “miconazole” byen fon anndan vajan an, chak swa pandan 3 nuit

Oswa

- Mete yon remèd 100,000 inite “nystatin” byen fon anndan vajan an, chak swa pandan 14 nuit

Oswa

- Mete yon aplikatè ki kouvri ak krèm “clotrimazole” 1% anndan vajan an, chak swa pandan 7 nuit

**Prevansyon**

Lè yon fi mete rad ki pa sere epi kilòt koton, olye de kilòt polyestè oswa nilon, sa pèmèt lè pase bò pati jenital yo pi byen. Sa ede evite maladi chanpiyon. Lave oswa chanje souvètman souvan. Yon fi pa dwe mete savon anndan vajan an pandan l ap benyen. Li pa dwe lave anndan vajan an.

BAKTERI VAJINAL (GADNERELA)

Bakteri vajinal pa yon enfeksyon moun pran nan fè sèks. Jeneralman, li pa danjere, men li ka fè fanm ansent akouche anvan lè oswa yon manman ka fè yon lòt enfeksyon apre akouchman an.

Siy bakteri vajinal

- Plis ekoulman ke òdinè
- Yon move sant dwòl tankou pwason ki soti nan vajen an, sitou apre l fin fè sèks
- Ti grate

Tretman bakteri vajinal


Si fi a ansent:

Li dwe tann apre fen twazyèm mwa a. Medikaman sa ka danjere nan premye 3 mwa gwosès yo. Apre twazyèm mwa a :

- Bay 400 a 500 miligram (mg) “metronidazole”, nan bouch, 2 fwa pa jou pandan 7 jou

Oswa

- Mete yon remèd 500 mg “metronidazole”, byen fon anndan vajen an, chak swa pandan 7 nuit



Pati jenital yo ap grate

Gen plizyè bagay ki ka fè pati jenital yon moun ap grate l. Lè se arebò bouch vajen an k ap grate, se kapab chanpiyon oswa trikomonas ki fè sa.

Lè se plim yo oswa kote ki toupre pati jenital la k ap grate, se ka gal oswa pou ki fè sa. Gal oswa pou ka trete ak remèd lokal, oswa ak remèd ou ka jwenn nan pifò famasi. W ap jwenn plis enfòmasyon nan liv ki rele **Kote Ki Pa Gen Doktè** oswa nan lòt liv medikal.

Gendelè se pafen nan savon ak deyodoran ki bay grate a. Oubyen, grate a ka soti nan plant ak fèy moun konn itilize pou lave anndan vajen an. Lave l ak anpil dlo pwòp pou wè si grate a pase.

Maleng nan pati jenital

Pifò maleng nan pati jenital se bagay moun pran nan fè sèks. (Gen lòt bagay, tankou chofti oswa blese, ki ka fè sa tou.)

Maleng ki nan pati jenital dwe rete pwòp. Lave yo avèk dlo ak savon. Fè atansyon lè w ap seche yo. Lè w fin seche yo ak yon twal, lave twal la byen anvan w sèvi avè l ankò.





ATANSYON! Lè yon moun gen maleng nan pati jenital, li fasil pou l pran lòt enfeksyon atravè maleng sa yo, sitou VIH/SIDA. Pi bon fason pou evite bay lòt moun enfeksyon an se pou w evite fè sèks jiskaske maleng nan geri.

SIFILIS

Sifilis se yon maladi grav ki afekte tout kò yon moun. Li ka dire plizyè ane, pandan l ap vin pi grav chak lè. Sifilis ka geri si yo trete l bonè.

Siy sifilis

1. Premye siy nan se yon maleng ki ka sanble ak yon ti bouton, yon zanpoud, oswa yon maleng ki ouvè. Li kòmanse 2 a 5 semèn apre moun nan te fè sèks ak yon moun ki gen sifilis. Maleng sa a gen anpil mikwòb ki ka enfekte yon lòt moun byen fasil. Maleng nan pa fè mal, e si li anndan vajen an, fi a ka pa menm konnen si l genyen l. Men, li ka toujou enfekte tout moun ki fè sèks avè l. Maleng nan dire kèk jou oswa kèk semèn sèlman, apre sa li pase. Men, enfeksyon an toujou la, e li kontinye ap pwopaje nan tout kò a.



Maleng sifilis sou peni gason an

2. Kèk semèn oubyen kèk mwa apre, moun ki enfekte a ka gen gòj fè mal, yon ti lafyèv, maleng nan bouch, jwenti anfle, oswa gratèl, sitou nan men, pye, vant, ak sou kote. Nan tout lè sa a, moun nan ka pase maladi a bay lòt moun pa mwayen nenpòt kontak tankou bo oswa touche, paske se sou po moun mikwòb sifilis la rete.
3. Nòmalman, tout siy sa yo ap disparèt poukont yo, men maladi a kontinye. Si yon moun ki soufri maladi sifilis pa resevwa tretman bonè, mikwòb sifilis la ka lakòz maladi kè, paralizi, maladi mantal (moun nan vin fou), ak lanmò.

Sifilis ak gwosès

Si yon fi gen sifilis pandan l ansent, bebe l la ka fèt anvan lè, li ka domaje, oswa li ka mouri. Si sa posib, tout fanm ansent dwe fè yon egzamen san pou wè si l fè sifilis, sitou si l te janm gen maleng nan pati jenital li yo.

Ou dwe fè yon egzamen san pou asire ou pa gen sifilis.



Tretman sifilis

- Bay yon piki 2.4 milyon inite “benzathine benzylpenicillin”, nan mis, yon sèl fwa

Oswa

Si moun nan fè alèji ak penisilin:

- Bay 500 miligram (mg) “erythromycin”, nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 14 jou (“Erythromycin” pa toujou bay bon rezilta nan trete sifilis. Ou ka bezwen fè tretman pou fi a avèk “tetracycline” lè pitit la pa nan tete ankò.)

Si sa fè omwen 2 an depi moun nan gen sifilis, mennen l kay doktè. Li bezwen lòt kalite medikaman.




ATANSYON! Li trè difisil pou w fè diferans ant sifilis ak chank mou (gade paj 331). Si w pa fin konnen si se sifilis oswa chank mou fi a genyen, oswa si li gen toude, ou dwe ba li “benzathine penicillin” **aktout** “erythromycin”.

CHANK MOU

Chank mou se yon MPS ki lakòz maleng nan pati jenital moun nan. Li fasil pou moun pran l pou sifilis.

Siy chank mou

- Youn oubyen plizyè maleng ki mou epi ki fè mal, swa nan pati jenital la swa nan twou dèyè a. Yo senyen fasil.
- Glann ki anfle ki fè mal nan sak testikil gason an
- Ti lafyèv



Tretman chank mou

- Bay 500 miligram (mg) “erythromycin”, nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 7 jou
Oswa
- Bay yon piki 250 mg “ceftriaxone”, nan mis, yon sèl fwa

ÈPÈS


Èpès se yon viris ki lakòz ti bouton pete sou po moun nan; yo fè mal epi yo fè maleng. Èpès la simaye lè maleng ki sou po moun nan touche po yon lòt moun, souvan pandan y ap fè sèks. Nòmalmman, èpès afekte pati jenital yo ak twou dèyè moun nan. Raman, maleng nan ka simaye nan bouch yon moun lè yo fè sèks nan bouch.

● **Note sa:** Gen maleng nan bouch ki senp ki soti nan yon lòt kalite èpès. Maleng sa yo ka enfekte pati jenital lòt moun nan lè y ap fè sèks nan bouch.

Siy èpès

- Pikotman, gratèl, ak doulè nan pati jenital
- Ti bouton ki pete e ki fè maleng nan pati jenital ki ouvè e ki fè mal

Depi yon moun gen viris la, li ka gen maleng yon fwa apre lòt. Premye fwa yon moun gen maleng èpès, yo ka dire 3 semèn oubyen plis. Epitou, moun nan ka gen lafyèv, tèt fè mal, kò fè mal, frison, ak glann ki anfle bò kote pati jenital li. Jeneralman, enfeksyon ki vin apre yo pa osi grav tankou premye a.



Zanpoud èpès bay

Pou nou ka anpeche èpès simaye, moun pa dwe fè sèks lè yo gen maleng. Kapòt ka anpeche maladi èpès la simaye, si kapòt la byen kouvri maleng nan. Kapòt fi ka pi bon toujou paske yo kouvri pifò nan pati jenital la.

Tretman

Pa gen gerizon pou èpès, men gen fason pou soulaje maleng yo:

- Mete glas sou maleng nan kou ou kòmanse santi l. Sa ka anpeche maleng nan vin pi mal.
- Tranpe yon moso twal nan yon te nwa (“black tea”) ki frèt oswa nan yon te jiwòf. Kenbe twal mouye a sou maleng nan.
- Chita nan yon kivèt ki gen dlo frèt ki pwòp.
- Fè yon pat ak bikabonat oswa farin mayi avèk dlo epi mete l kote ki gen maleng nan.
- Mete fèy yo rele “hamamelis de virginie” (“witch hazel”) sou li.



Lè moun gen èpès pou premye fwa a, medikaman ka soulaje doulè ak maleng yo.

Pou moun ki gen èpès pou premye fwa a

- Bay 400 miligram (mg) “acyclovir”, nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 7 a 10 jou



Pou moun ki toujou gen èpès

- Bay 400 mg “acyclovir”, nan bouch, 3 fwa pa jou, pandan 5 jou

Pou yon fi ki konn souffri ak èpès plis pase 6 fwa pa ane

- Bay 400 mg “acyclovir”, nan bouch, 2 fwa pa jou, pandan 1 an. Apre sa sispann pran medikaman an, epi gade pou wè si l toujou nesèsè.

Pou fanm ansent ki konn gen èpès deja

- Bay 400 mg “acyclovir”, nan bouch, 2 fwa pa jou pandan dènye mwa gwosès la

Pou soulaje doulè a

- Bay 500 a 1000 mg parasetamòl, nan bouch, chak 4 èdtan

Yon moun ki gen anpil strès oswa lòt pwoblèm sante ka gen maleng pi souvan. Donk, si sa posib, moun ki gen èpès dwe pran anpil repo epi manje bagay ki bon pou kò a.



ATANSYON! Èpès se yon gwo danje pou je paske li ka fè moun vin avèg. Apre yon moun fin touche maleng yon moun ki gen èpès, se pou l toujou lave men l avèk dlo ak savon.

Èpès ak gwosès


Li posib pou manman an bay pitit li èpès. Jeneralman sa rive pandan akouchman an si manman an gen maleng sou vajen l pandan akouchman an. Sa rive pi fasil toujou lè se premye fwa manman an souffri ak èpès. Se sa k fè, si manman an gen maleng ki ouvri lè l pral akouche, li pi bon pou l akouche lopital, jeneralman pa mwayen yon sezaryèn. Pou redui risk pou l pase èpès la bay pitit la, si yon manman souffri èpès premye fwa pandan l ansent, li dwe trete l tousuit avèk “acyclovir”, kèlkèswa lè nan gwosès la li enfekte. Yon fi ki te deja souffri ak èpès ka pran “acyclovir” chak jou pandan dènye mwa gwosès la.

HPV (VERI JENITAL)

HPV se yon viris ki fè veri pouse sou pati jenital la ak twou dèyè a. Konsa tou, yon moun ka gen veri san l pa menm konnen, sitou si yo anndan vajen an. Veri pa danjere, men yo ka fè yon moun malalèz.

Siy HPV

- Grate
- Ti boul sèch ki koulè blan oubyen mawon nan pati jenital oswa nan twou dèyè. Ti boul yo yon jan rèd e yo pa fè mal.



ATANSYON! Boul ki pi laj, ki plat, e ki pa sèch, ka sanble ak HPV men yo gendwa pa HPV. Gendwa se sifilis ki lakòz yo. Nenpòt moun ki gen boul sa yo dwe fè egzamen sifilis. Moun sa a pa bezwen fè tretman ki pi ba a.

Tretman


1. Pou pwoteje po ki toujou an sante a, mete vazlin oswa lòt kalite pwomad sou po ki bò kote chak veri.
2. Avèk yon ti baton, mete sou veri a yon ti kantite asid “trichloroacetic” (TCA) ki 80% a 90% oswa asid “bichloroacetic” (BCA). Kite asid la sou li jiskaske veri a tounen tou blanch. Fè atansyon pou asid la pa tombe sou po ki pa malad la. Lave kote w mete asid apre 30 minit oswa lè l ap boule anpil.

Asid la ta dwe boule veri a epi l ap kite yon maleng ki fè mal kote veri a te ye a.

Jeneralman, ou dwe refè tretman an chak semèn pandan kèk semèn anvan veri a disparèt konplètman. Kenbe maleng nan pwòp epi sèch jiskaske l geri. Epi, fi a pa dwe fè sèks jiskaske maleng nan geri.

Gen kèk kalite HPV, si yo pa trete, yo ka lakòz kansè nan kòl matris la, men se pa menm HPV ki lakòz veri yo. Gade paj 380 pou aprann ki jan pou w egzamine kòl matris yon fi pou konnen si l gen HPV.

Gen yon vaksen ki rele “Gardasil” ki pwoteje kont kalite HPV ki pi danjere yo, nitou HPV ki lakòz veri sou pati jenital. Vaksen an gen ladan l 3 piki ou ka bay yon jèn fi ki gen ant 9 a 26 an. Yo pa dwe bay yon fi ki ansent vaksen an, nitou li pa ka ede si moun nan deja gen HPV.



Maladi moun pran nan fè sèks ki afekte tout kò a

VIH AK SIDA

VIH se yon viris ki atake sistèm iminitè yon moun. Sa vle di, li fè kò moun nan pèdi kapasite l genyen pou l konbat kont maladi. VIH fè kò nou mal pou l konbat kont maladi li abitye konbat kont yo toutan. Moun ki gen VIH tonbe malad byen fasil ak maladi tankou diyare, nemoni, tibèkiloz, kansè, ak enfeksyon. VIH/SIDA pa gen gerizon, men gen tretman ki ka ede moun nan pou l pa malad twò fasil. Yon moun ki jwenn tretman, ki byen manje, ki pran swen kò l, tèt li, ak espri l, li ka viv plis tan e l ap plis an sante.

VIH pwopaje lè san yon moun ki enfekte ak VIH, lèt tete l, likid vajen l, oswa espèm li, antre nan kò yon lòt moun. Li pwopaje sitou fason sa yo:


Fè sèks ak yon moun ki gen VIH



Yon manman ki enfekte pase l bay pitit li ki nan vant



Zegui, zouti ki koupe, ak lòt zouti ki pa esterilize



Kote yo pa ka fè tès pou VIH, moun ka pran VIH la lè yo fè yon transfizyon san. Pafwa, manman ki gen VIH/SIDA pase VIH la bay tibebe yo lè yo ba yo tete (gade paj 293).

Siy VIH/SIDA

Moun ki gen VIH ka pa gen okenn siy pandan yon bon bout tan, menm jiska 10 an. E menmsi l pa montre okenn siy, li ka bay lòt moun viris la. Sèl fason pou sèten si yon moun gen VIH oubyen non, se si l fè yon egzamen pou sa.

Lè VIH la rive nan stad SIDA, moun nan pèdi kapasite kò l te genyen pou l konbat kont enfeksyon nan pwèn li fè anpil maladi, menm maladi dwòl ki difisil pou pran san w pa gen VIH, tankou “sarcome de Kaposi” (yon tip de kansè). Yon lòt siy ki montre yon moun gen SIDA se yon egzamen san ki montre jan sistèm iminitè a fèb.

Pou anpeche VIH pwopaje, tout medam yo dwe:

- Fè yon egzamen VIH.
- Chèche tretman pou nenpòt lòt enfeksyon.
- Itilize kapòt chak fwa l ap fè sèks ak yon moun ki gen VIH, oswa ak yon moun li pa konnen si l enfekte, oswa ak yon moun ki ka gen lòt fi/gason sou kote.
- Pa itilize sereng, zegui, oswa lòt zouti ki ka sal. Se sèlman zouti ki byen esterilize pou moun itilize lè y ap koupe po oswa ap pèse kò yo (gade paj 59). Sa gen ladan l zouti moun sèvi pou pèse zòrèy, pou fè akiponkti, pou fè tatwaj, pou fè sikatris, oswa pou fè sikonsizyon.
- Chèche tretman pou VIH.



2 moun ki pa gen VIH ki rete fidèl youn ak lòt ka fè sèks san kapòt san yo pa pran VIH nan fè sèks.

Ki jan pou rete an sante lè w gen VIH

Lè VIH ap atake sistèm iminitè yon fi, li trèzenpòtan pou l evite e trete tout enfeksyon:



- Si l gen nenpòt siy ki endike li gen yon lòt MPS, tankou gratèl, ekoulman ki pa nòmal, maleng nan pati jenital, oswa si kò l ap grate l, li dwe wè yon pwofesyonèl lasante.
- Li bezwen manje plis e li dwe manje bagay ki bon pou kò a (gade paj 33). Sa ka ede l tou si l pran konprime milti-vitamin.
- Fò l pwoteje tèt li kont tibèkilòz (TB). Moun ki gen VIH mouri pi fasil ak tibèkilòz pase nenpòt lòt maladi. Yon fi ki gen VIH dwe rete lwen moun k ap soufri ak tibèkilòz, e si l gen siy tibèkilòz, li dwe wè yon pwofesyonèl lasante tousuit. Siy TB yo se tous, swè anpil pandan nuit lan, lafyèv, ak pèdi pwa.
- Li dwe bwè sèlman dlo ki byen trete yon fason pou l evite diyare ak lòt pwoblèm.

Fi ki gen VIH bezwen soutyen nan domèn afektif, tou. Ankouraje yo chèche apui nan men moun yo fè konfyans. Yo ka aprann anpil nan men moun ki gen VIH deja.

Si yon fi ki gen VIH kòmanse tonbe malad (pa egzans si bò bouch li blese, li pèdi pwa, li gen gratèl, oswa li toujou gripe), li ka pran “cotrimoxazole” chak jou pou pwoteje l kont anpil enfeksyon e pou ede sistèm iminitè li rete an sante pandan plis tan. Gade paj 478.

Si l posib, yon fi dwe fè yon egzamen san ki rele kontaj CD4. Egzamen an montre nan ki nivo sistèm iminitè yon moun ye lè l konte kantite selil CD4 ki nan san an. Tank chif la wo se tank kò a ka pi byen konbat kont enfeksyon. Yon fi gen gen mwens pase 350 CD4 bezwen tretman pou sa.

Medikaman pou VIH/SIDA

Medikaman yo rele ART yo ka ede moun ki gen VIH gen pi bon sante epi ede yo viv plis tan. Epi, medikaman sa yo ede yon bebe pou l pa enfekte pandan gwosès ak akouchman.

Yo dwe pran medikaman ART yo chak jou nan menm lè a pou yo bay bon rezilta. Si yon fi sispann pran l, VIH li pral vin gen plis fòs, e fi a ap tonbe malad. Annapre, si l rekòmanse pran ART, VIH la ap pi difisil pou l trete avèk menm medikaman yo.

Yo toujou ap envante nouvo medikaman pou VIH/SIDA, epi medikaman ki pi bon yo ap chanje regilyèman. Medikaman ki gen anpil fòs sa yo ka gen efè segondè. Se sa k fè li enpòtan anpil pou mande otorite lokal nan zafè sante yo ki medikaman ak ki melanj medikaman ki pi bon nan zòn pa w la ak pou nivo maladi chak fi. Pou fè tretman yon moun ki gen SIDA e ki gen lòt maladi akòz SIDA a, ou dwe ba li yon melanj 3 a 4 medikaman diferan. Gendelè melanj sa a tou fèt. Apati paj 492 w ap jwenn plis enfòmasyon sou tretman VIH/SIDA, sou melanj plizyè medikaman, epi sou fason moun ka anpeche VIH simaye soti nan manman pou ale nan bebe l la.

● **Note sa:** Nan zòn ki poko gen medikaman sa yo oswa kote medikaman sa yo twò chè, l ap difisil anpil pou medam yo jwenn medikaman yo bezwen pou yo viv byen. Men kanmenm, ou sipoze jwenn medikaman k ap ede anpeche VIH/SIDA simaye soti nan manman an pou ale nan bebe a pandan akouchman an. Gade paj 494.

EPATIT B

Yon moun ki malad nan fwa se yon moun ki fè maladi epatit. Epatit B se yon viris ki lakòz yon enfeksyon grav nan fwa. Epatit B pwopaje lè san oswa lòt likid nan kò yon moun soti nan yon moun ki enfekte pou l antre nan kò yon lòt moun ki poko enfekte. Likid sa yo gen ladan yo krache, likid ki soti nan vajen, ak espèm. Epatit B simaye fasilman soti sou yon moun pou ale nan yon lòt, sitou lè y ap fè sèks. Konsa tou, yon manman ka pase l bay pitit li ki nan vant.

Siy epatit (sa gen ladan l epatit B)

- Pa gen apeti
- Li santi l fatige e fèb
- Je koulè jòn epi pafwa po koulè jòn (sitou pla men ak anba pla pye)
- Doulè nan vant ak noze
- Pipi koulè mawon (tankou koka), epi pou pou ki gen ti koulè blanch
- Oubyen, li gendwa pa gen siy ditou

Tretman

Pa gen medikaman ki ka ede ak sa. Anfèt, medikaman ka menm fè fwa a vin pi mal. Men, pifò moun rive refè anba epatit B.


Moun ki gen epatit B ka fè mye pi vit si yo pran repo, manje bagay ki fasil pou dijere, epi yo pa bwè alkòl ditou.

Epatit B ak gwosès

Si yon fi bay siy ki endike li gen epatit B pandan li ansent, li bezwen wè yon doktè. Bebe a ap bezwen vaksen apre akouchman an pou anpeche l trape epatit B a.



Montre medem yo ki jan pou yo evite maladi moun pran nan fè sèks



Medam yo dwe konnen nenpòt moun yo fè sèks avè l ka gen yon MPS. Gason ki fè sèks ak plizyè fi san kapòt gen plis chans pou yo gen yon MPS.

Fè egzamen se sèl mwayen pou konnen si yon moun gen yon MPS. Chèche konnen si gen yon kote ki pa chè nan zòn nan pou fè egzamen MPS, epi gade paj 379 konsènan ki jan w ka fè egzamen pou medam yo, ou menm.

Pi bon fason pou yon fi evite pran yon MPS se pou l evite fè sèks ak nenpòt moun ki ka enfekte. Oswa tou, li ka itilize kapòt (pou gason oswa pou fi) lè l ap fè sèks. Kapòt pwoteje kont pifò MPS, men toujou gen yon ti chans pou yon moun pran yon MPS menm lè l itilize yon kapòt.

Fanmsaj yo ka ede pwoteje medam yo pou yo pa pran VIH/SIDA ak epatit B lè yo esterilize tout zegui, sereng, ak lòt zouti ki sèvi pandan akouchman oswa pandan lòt kalite pwosedi. Gade paj 59.

Fanmsaj yo ka aprann medam yo teknik sa yo pou yo ka pwoteje tèt yo:

- Itilize kapòt chak fwa l ap fè sèks.
- Pa fè sèks avèk yon moun ki gen siy MPS (menm lè anpil MPS ka kontinye pwopaje san moun nan pa bay okenn siy).
- Pa fè lavaj anndan vajen an, epi pa seche l avèk fèy oubyen poud. Lè vajen an sèk oswa irite, sèks ka lakòz ti blese nan po a, epi sa ap fè fi a gen plis chans pou l enfekte ak VIH oswa yon lòt MPS.

Si yon gason pap itilize yon kapòt, men ki metòd ki ka bay yon fi yon ti pwoteksyon kont yon MPS:

- Itilize yon dyafram (gade paj 304).
- Lave deyò vajen an apre sèks.
- Fè pipi tousuit apre sèks.

Epi, yon fi ak mari l ka chwazi pou yo fè sèks nan bouch ak lòt kalite karès san yo pa fè relasyon seksyèl (gade paj 312).

Ki jan pou ede kominote a frennen maladi moun pran nan fè sèks

Men kèk konsèy ki pou ede anpeche MPS yo pwopaje nan kominote a:

- Pale avèk medam w ap okipe yo sou zafè MPS. Kèk fi ka jennen pou pale de sa, men si yo konnen plis, sa ka sove lavi yo.
- Lè w ap fè egzamen pou manman an pandan li ansent, mande l si l gen kèk ekoulman ki pa nòmal oswa maleng sou pati jenital li, oswa ofri pou w egzamine l pou enfeksyon.
- Òganize yon gwoup pou pale sou zafè sante, tankou MPS ak VIH/SIDA.
- Soutni lekòl nan zòn nan pou yo fè yon pwogram edikasyon ki gen ladan l zafè sèks. Ede paran yo konprann lè lekòl yo pale sou MPS, tankou VIH, sa pèmèt jèn yo fè pi bon chwa pita lè yo kòmanse fè sèks.
- Pale ak mesye yo e ede yo konprann ki risk ki genyen anrapò ak MPS yo, tankou risk pou fanm ansent ak tibebe yo.
- Atravè sant sante yo, lopital yo, oswa Ministè Lasante a, chèche konnen ki MPS yo plis jwenn nan kominote a.
- Chèche konnen ki medikaman ki ka trete MPS pi byen nan zòn pa w la, epi chèche konnen pri yo. Aprann ki jan pou trete MPS, epi ede medam yo jwenn tretman.
- Kreye yon famasi kominotè pou l ka pi fasil pou moun yo jwenn medikaman ak kapòt.

Mwen vle pou pitit fi mwen yo evite maladi sa yo, men m pa konn ki sa pou m di yo. Manman m pa t janm pale sou bagay konsa.

Mwen byen konprann ou. Èske n ka jwenn yon fason pou n esplike yo sa?

